# ЖӘҲӘН СПОРТЫНДА НЕ ГӘП?

## НАРАЗЫЛЫҚ

Грек полициясы еки белсендини Пекиндеги олимпия ойынларына қарсы сүрен жазылған баннерди Акропольға қыстырмақшы болғанда услады. 18 жасар тибетли белсенди Цела Зоисанг ҳәм Гонконгдан қуўылған 22 жаслы белсенди Джои Сиу Акропольдеги археологиялық қазыў жумысларына турист сыпатында кирген. Олар қурылыс зәңгиси арқалы көтерилип, баннерди орнатпақшы болған. Сол ўақытта қорғаўшы (охранник) сезип қалып, оларды түсиўге, ҳәрекетин тоқтатыўға шақырған. Лекин олар түспей, Тибет байрағын жәнe «Гонконгға азатлық» «Пекин—2022ге бойкот» ҳәм Азатлық жоқ екен — ойынлар да жоқ «Тибетти азат етиң» шақырықлары жазылған онша үлкен емес баннерди қыстыра берген. Он минуттан полиция келип, қызларды услаған.

Хабарыңыз бар, XXIV қысқы Олимпия ойынлары 4—20-февраль аралығында Пекинде өткериледи.

Ашылыў салтанаты Грецияның Пелоппес ярым атаўындағы әййемги Олимпияда 18-октябрьде болады.

Пандемияға байланыслы ойынлар отын жағыў мәресими тамашагөйлерсиз өткериледи.

Қысқартылған церемонияға Греция президенти Катерина Сакелларопулу ҳәм халықаралық олимпия комитети (ХОК) президенти Томас Бах қатнасады. Илаждан соң жалын түнге қарай Акропольға апарылады.

## МИГРАНТ ИЗЛЕЎДЕ



**Россияның Калуга ўәлаятының Обнинск қаласында футболшы қайтыс болды.**

Қайтыс болған Виктор Кочетов «Ермак» футбол клубында топ сүрген. Сол күни олардың командасы «Козельск» клубы үстинен жеңиске ерисип, ўәлаят чемпионатының гүмис медалын қолға киргизген.

Өзинен басқа еки футболшы дослары менен саунаға барып, байрамлаған. Саат түнги 11[00]лерде «Ташкент» кафесине кирген. Үш өзбекстанлы мигрант пенен танысқан.

Кейин кафеден шыққан ўақытта олар жәнжеллесип қалған. Викторды мурнына муш тийип қанаған. Тоқтамаған, нәтийжеде қайтыс болыпты.

Гүмандардың биреўи Оғабек деген усланған. Екиншиси Шакирдиң қайда екенлиги белгисиз. Баслы гүмандар Өзбекстанның Хорезм ўәлаятында туратуғын Каримов Аллашукур — халықаралық излеўде.

## НИДЕРЛАНДЫДА ТРИБУНА ҚУЛАДЫ




**Чемпионат матчы жеңисин байрамлап атырған тамашагөйлер турған трибуна қулап түсти.**

*Неймеген қаласында «Гоффертстадион» стадионның трибунасы «Витесса» фанатлары жергиликли НЕК клубы үстинен ерисилген жеңис қуўанышы ўақтында опырылып кетти. Бахытқа бола, ҳеш ким жәбирленбеди. «Витесса» 1:0 есабында жеңисти қолға киргизген екен.*

## КОНОР ШЕТЛЕТИЛГЕН

**Конор МакГрегор 2020-жылға шекем UFC ден шетлетилди.**

*Еки салмақта UFC тиң бурынғы чемпионы ирландиялы К.МакГрегор 2022-жылдың 7-январына шекем ойынларға қатнаспайды.*

*Хабарыңыз болса, 11-июль күни МакГрегор Порье менен жекпежектиң биринши раундында аяғын сындырып алған еди. Медиклер аяғы саўалыўы ушын ойынларға қатнасыўын қадаған еткен.*

## КИБЕРСПОРТ

*Киберспортты олимпия ойынлары қатарына киргизиў ҳәрекети болмақта. Бул ҳәрекетлердиң жуўмақланыўына, яғный олимпиада спорт түрине айланыўына 5—7 жыллар керек қусайды.*

*Россия киберспорт чемпионатының сыйлық фонды 40 млн екен.*

## ЖЕКЕ ПИКИР

*Шыпакер ҳәм тележүргизиўши Евгений Комаровский балалар ушын ең пайдалы спорт түри деп жеңил атлетика менен жүзиўди ҳәм басқа контактсыз спорт ойынлары екенлигин атап көрсеткен. Ол жәнe балалардың басқа спорт түрлери менен шуғылланыўына қарсы емеслигин, мәселен, теннис ҳәм волейболды көрсетеди. «Егер бала ҳәптеге бир рет теннис ойнап, ҳәптеге бир рет жүзиў менен шуғылланса,бул жүдә— әжайып болады» дейди.*

**Таярлаған: А.ӘБДИЕВ**

# ҚЫЗЛАРЫМЫЗ КҮШЛИЛИЛЕР АРАСЫНАН ТОПТЫ ЖАРЫП ШЫҚПАҚТА



Пайтахтымыз Нөкис қаласында Өзбекстан Республикасының «Дене тәрбиясы ҳәм спорт ҳаққында»ғы Нызамы, Министрлер Кабинетиниң 1999-жыл 27-майдағы «Өзбекстан дене тәрбиясы ҳәм спортты жәнe де раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында»ғы 271-санлы, сондай-ақ, Федерацияның дене тәрбиясы ҳәм ғалаба спортты раўажландырыў Концепциясында белгиленген ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў, «11-ноябрь — Өзбекстан кәсиплик аўқамлары күни»не арнап тараўлық кәсиплик аўқамлары системасындағы кәрхана, шөлкем ҳәм мәкемелерде жумыс ислеп атырған хызметкерлер арасында саламат турмыс тәризин үгитнәсиятлаў, оларды спорт пенен тураклы түрде шуғылланыўға кеңнен тартыў, спорт-сағалландырыў илажлары арқалы денсаўлықларын тиклеўге жәрдем бериў, спорттың ғалабалық түрлерине қамтыў, хызметкерлерди хәр қыйлы кәсиплик кеселликлеринен спорт ҳәм саламат турмыс тәризи тийкарлары арқалы қорғаў мақсетинде қаламыздағы Балалар ҳәм жас өспиримлер спорт мектебинде (манеж) «Спорт — саламатлық гиреўи!» сүрени астында спорттың стол тенниси, волейбол, шашка, шахмат, минифутбол түрлери бойынша Өзбекстан кәсиплик аўқамлары күнине бағышланып шөлкемлестирилип атырған республикалық Спартакиаданың Қарақалпақстан республикалық басқышына старт берилген еди.

Алдын хабар бергенимиздей, Спартакиаданың қалалық басқышында Өзбекстан мәмлекетлик дене тәрбиясы ҳәм спорт университети Нөкис филиалының профессор-оқытыўшы, хызметкер қызлары арасынан дүзилген сайланды командасы спорттың волейбол түринен қалалық басқышында Балалар ҳәм жас өспиримлер спорт мектеби (манеж) ҳәм Олимпия резервлери колледжиниң сайланды командалары менен өз-ара күш сынасып, жарыс соңында барлық қарсылас командаларынан үстин келип, 1-орынды ийелеп, жарыстың кийинги Қарақалпақстан республикалық басқышына жолламаны қолға киргизген еди.

Күни кеше Балалар ҳәм жас өспиримлер спорт мектебинде (манеж) болып өткен Спартакиаданың Қарақалпақстан Республикалық басқышында Өзбекстан мәмлекетлик дене тәрбиясы ҳәм спорт университети Нөкис филиалының профессор-оқытыўшы, хызметкер қызлары арасынан дүзилген сайланды командасы Шоманай, Хожели, Әмиўдәрья, Мойнақ районларынан келген қызлар арасынан дүзилген сайланды командалары менен ойынға түсип, өз-ара күш сынасты ҳәм филиалымыздың профессор-оқытыўшы, хызметкер қызлары арасынан дүзилген сайланды командасы ағзалары өзлериниң күшлериниң басым екенлигин көрсетип, қарсылас командаларын толық үстин келип, 1-орынды ийелеп, Өзбекстан мәдeният, спорт ҳәм туризм хызметкерлери кәсиплик аўқамы Қарақалпақстан Республикасы бирлескен комитети тәрепинен арнаўлы диплом, қымбат баҳалы саўғалар менен сыйлықланды ҳәм жарыстың кейинги басқышына жолламаны қолға киргизди.

Филиалымыздың профессор-оқытыўшы, хызметкер қызлары арасынан дүзилген сайланды командасы Спартакиаданың кейинги басқышында 25-октябрьге шекем Үргениш қаласында болып өтетуғын ўәлаятлараралық аймақлық басқышында Хорезм ўәлаяты командасы менен өзара күш сынасады.

Спартакиада жарысында бириншиликти қолдан бермей киятырған филиалымыз қызлары арасынан дүзилген сайланды команда ағзаларына жарыстың кейинги басқышында да күшлилилер арасынан топты жарып шығып, бириншиликти алып келиўлерине тилеклеспиз.

**Мурат ТИЛЕЎБАЕВ,**
**Өзбекстан мәмлекетлик дене тәрбиясы ҳәм спорт университети Нөкис филиалының Баспасөз хаткери.**

**Россия сенаторлары ҳ.б. 969 х/а бақлаўшы Өзбекстан Президенти сайлаўын бақлап барады.**